

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Sastra téh mangrupa salah sahiji bagian seni. Dina seni puisi aya istilah *dulce* jeung *utile* (puisi téh éndah tur aya mangpaatna) hiji konsép anu disodorkeun ku Horace dina Teeuw (1998, kc. 8). Saperti anu ditétélakeun ku Atar Semi (1993, kc. 1) yén sastra téh mangrupa salasahiji cabang kasenian anu aya dina peradaban manusa rébuan taun kaliwat. Tina pamadegan salasahiji ahli ieu bisa dicindekeun yén sastra téh nya éta hasil karya manusa nu ngandung unsur kaéndahan, ogé miboga mangpaat pikeun kahirupan manusa.

Nepi ka kiwari mah, najan masih tetep diadurenyomkeun, sastra téh miboga fungsi ganda, boh keur nyaosan kasenangan boh keur ngudag kamangpaatanana. Kasugemaan dina harti senang ku kacangking tina sastra bisa dipapandekeun jeung kasenangan fisik sejenna, lantaran miboga ajén kasenangan anu leuwih punjul, nya éta kontéplasi anu henteu ngudag-ngudag kauntungan. Sedeng mangpaatna kadariaan, sipatna didaktis nya éta kadariaan anu nyenangkeun, kadariaan éstétis, jeung kadariaan persepsi.

Dumasar kana wanguna, sastra Sunda dibagi jadi tilu bagian nya éta prosa, puisi jeung drama nu sumebar boh sacara lisan atawa tulisan. Salasahiji karya sastra sunda nu nyebarna sacara tulisan nya éta carita pondok (carpon). Carpon mangrupa wangun prosa nu rélatif pondok. Aya nu dina harti ngan dibaca kurang ti sajam, bisa dina harti éfékna tunggal. Bisa ogé dina harti karakter, plot, jeung latarna kawatesanan, henteu rupa-rupa jeung henteu kompléks (Sumardjo jeung Saini K.M, kc. 29-31). Tapi sok sanajan pondok, struktur carpon Sunda sarua jeung struktur carpon séjén nu mangrupa hiji rékaan (fiksi). Eta struktur diwangun ku unsur-unsur nu saling ngadukung. Unsur-unsur éta ngawengku a) téma jeung masalah b) fakta carita, jeung c) sarana carita (Stanton dina Koswara, 2010 kc. 45).

Karya sastra mangrupa hasil kréatipitas anu bisa ngahasilkeun hiji karya anu gedé mangpaatna. Karya sastra miboga mangpaat anu kacida gedéna tangtuna pikeun sarana atikan jeung hiburan, conto hasil karya sastra nu dipake hiburan saperti dongéng, sajak, jeung sajabana. Dina dunya atikan tangtuna teu leupas tina ngolah éta karya sastrana contona nyieun révéni novél atawa carpon.

Ngeunaan mangpaat sastra salaku média atikan, Putu Arya Tirtawirya nétélakeun yén sastra bisa némbongkeun perspektif anu bener ngeunaan kahirupan, sastra ogé ngabeungharan rohani, sastra anu sajati bisa mangaruhan manusa sangkan henteu maéhan manéh atawa maéhan (1983, kc. 13).

Nurutkeun Reeves (1985, kc. 16) mah nilik hakékat sastra téh salaku fakta kahirupan. Sastra dianggap mangrupa kacamata hasil kabudayaan mangsa kaliwat anu ngawengku adat kabiasaan, kapercayaan, jeung ajén-inajén nu turun-tumurun dipaké ku masarakat dina kurun waktu nu tangtu. Maksudna pikeun mapag jeung ngaluyukeun diri jeung sakabéh situasi anu tumuwuh, boh dina kahirupan individu boh dina kahirupan kelompok. Leuwih jero, Reeves nandeskeun yén lamun urang hayang wanoh kana kahirupan, urang kudu wanoh kana sastra.

Saéstuna sastra téh mangrupa hiji sisi (bagian) tina seni anu boga ciri mandiri, ngandung kaartistikan, ngandung kaéndahan, ngandung kajujuran, jeung ngandung bebeneran anu salawasna nungtun panganutna kana sipat anu lemes, malahan bias nganterkeun kana tujuan pangjugjugan kahirupan manusa anu leuwih wijaksana (Koswara, 2013, kc. 105).

Sastra lain ngan saukur ditingali salaku salasahiji karya anu mibanda ngeunaan élmu pangaweruh ngeunaan sikep, paripolah nu bisa dimangpaatkeun jadi konsumsi inteléktual, salian tina konsumsi émosi (Aminuddin, 2005, kc. 27).

Bareng jeung majuna kahirupan, jaman ngalaman parobahan. Ku ayana parobahan jaman, ukuran anggang jeung waktu saeutik-saeutik bisa kaungkulan, komunikasi antar bangsa mingkin lancar. Sabada meunang pangaruh tina kabudayaan ti barat, dina prosa Sunda dipikawanoh carpon. Kiwari carpon mangrupa konsumsi masarakat sastra, boh sastra Sunda boh sastra Indonesia. Karya sastra Sunda jeung Indonesia tangtu miboga kahengkeran jeung kaonjayan

séwang-séwangan. Dina dunya sastra Sunda geus kacatet sastrawan-sastrawan anu narulis carpon. Kiwari bisa dibaca karya-karya entragan D.K Ardiwinata tepi ka entragan-entragan anyar anu dieusian ku sastrawan-sastrawan Sunda nu ngarora.

Dumasar kana catetan sastra Sunda, aya sababaraha data anu nétélakeun yén aya sastrawan Sunda anu kawilang produktif ngahasilkeun karya sastra téh nya eta Ahmad Bakri. Réa pisan karya sastra hasil anjeunna nya éta novél jeung carita pondok anu geus dipedalkeun. Salian ti lebah kuantitasna, karya sastra Ahmad Bakri ogé onjoy dina kualitasna.

Kiwari, carpon aya nu dikumpulkeun tuluy dibukukeun jadi kumpulan carpon. Eta kumpulan carpon mangrupa kumpulan carpon ti hiji pangarang saperti carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri, tapi lian ti éta ogé aya kumpulan carpon karya sababaraha pangarang (antologi). Carpon asup kana wangun prosa rékaan atawa fiksi. Fiksi téh mangrupa wangun prosa naratif nu mibanda sipat imajinatif, tapi najan kitu, prosa téh kaharti ku akal jeung ngandung bebeneran nu ngadramatisasikeun hubungan-hubungan antara papada manusa (Altenbern & Lewis, dina Isnendes, 2010, kc 25).

Ku kituna, dina carpon *Ki Merebot* nyangkaruk sababaraha ajén-inajén nya éta ajén moral, ajén kaagamaan, ajén éstétika, jeung atikan. Ajén kaagamaan téh mangrupa hal anu rék ditepikeun ku pangarang kanu maca, mangrupa ma'na nu nyampak dina hiji karya sastra, ma'na hususna amanat ngeunaan unsur kaagamaan nu aya dina carita.

Tumali jeung sawangan ajén kaagamaan (religius), yén anu disebut karya sastra réligius téh nya éta karya sastra anu eusina nyangkaruk simbol-simbol tur ajén-inajén kaagamaan di masarakat.

Ari nu disebut gaya basa téh biasana mangrupa runtuyan kecap-kecap disusun sangkan nimbulkeun pangaruh (éfék) anu leleb karasana ka nu ngadéngékeun (maca). Ku kituna, stilistika nyawang basa salaku hiji cara ngébréhkeun pikiran, jiwa, tur kapribadian pamakéna basa ngagunakeun basa kalawan jujur, pikaresepeun, jeung puguh tatakrama (Sudaryat, 1989, kc. 45-46) .

Panalungtikan ngeunaan karya sastra Sunda tangtuna heunteu ngan saukur nalungtik unsur intrinsikna wungkul, tapi sastra ogé nalungtik ngeunaan

unsur ékstrinsikna. Numutkeun Rene Wellek jeung Austia Warren, analisis éktrinsik téh nya éta analisis ditilik tina jihat anu mangaruhan kana produksi sastra sedengkeun analisis intrinsik nya éta analisis dumasar kana interprétasi karya sastra (1981, kc. 80-157). Léngkah-léngkah nalungtik ngeunaan ajén kaagamaan dina karya sastra tangtuna kudu neuleuman jeung ngaguar éta karya sastrana.

Karya sastra tangtuna bisa dijadikeun bahan atikan atawa média dina nepikeun ajén kaagamaan, lantaran loba pisan ajén kaagamaan nu dilarapkeun dina wangun karya sastra saperti carpon, sajak, jeung novel. Ku kituna aya sababaraha panalungtikan saacan ngeunaan gaya basa jeung ajén kaagamaan dina karya sastra saperti “Gaya Basa Métafora dina Babasan Jeung Paribasa Basa Sunda (Tilikan Stilistik jeung Semantik)” ku Anita Nurul Fauziah (2010), “Ajén Kaagamaan Dina Novel *Masyitoh* Karangan Ajip Rosidi pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMA” ku Tita Latifah (2009), “Aspék Humor dina Kumpulan Carpon *Ki Merebot* Karangan Ahmad Bakri Pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMP Kelas VII” ku Julianus Fadhil (2013).

Kiwari sawangan masarakat kana ajén kaagamaan téh geus mimiti robah, ajén kaagamaan di lingkungan masarakat kiwari jarang dipake, padahal loba karya sastra nu kasampak ajén kaagamaanana nu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

Ajén kaagamaan perlu dilarapkeun ti mimiti lingkungan kulawarga anu pungsina pikeun dadasar dina kahirupan sapopoé. Salian ti lingkungan kulawarga ogé di lingkungan sakola anu sipatna formal kudu diajarkeun jeung dilarapkeun. Pikeun mekarkeun pangajaran kaagamaan di sakola, bisa ditarékahan ngaliwatan pangajaran maca karya sastra nu ngagunakeun media carpon, salian ti ngalarapkeun jeung ngajarkeun ajén kaagamaan ku cara dibaca kumpulan carpona, tujuanana ogé pikeun ngaronjatkeun minat siswa nganalisis gaya basa anu nyampak dina kumpulan carpon, sangkan salian ti nyangkem naon anu dibaca, siswa oge mampu nganalisisna

Siswa bisa nganalisis ajén kaagamaan nu nyampak dina caritana jeung nganalisis ogé gaya basana nu aya dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri, nu kaasup kana bahasan carpon luyu jeung Kompetensi Inti (KI)

8.3 Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak nyata. Kompetensi Dasar (KD) 8.3.8. Mengidentifikasi dan menganalisis CARPON sesuai dengan kaidah-kaidahnya (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2013, kc. 125)

Nilik kana sababaraha hal anu didadarkeun di luhur, ieu panalungtikan dipuseurkeun kana gaya basa jeung ajén kaagamaan dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri. Dina struktur caritana, ieu panalungtikan bisa dijadikeun salasahiji alternatif pikeun milih bahan pangajaran maca carpon di sakola. Dumasar kana pedaran diluhur ieu panalungtikan dirumuskeun dina judul : Gaya Basa jeung Ajén Kaagamaan dina Kumpulan Carpon *Ki Merebot* Karya Ahmad Bakri Pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMP.

## 1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan bisa diidentifikasi jadi sababaraha masalah anu aya patalina jeung : (a) ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri, (b) struktur unggal carpon dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri, dumasar kana téma, fakta carita (galur, tokoh, penokohan, jeung latar), jeung sarana carita (amanat), sarta (c) gaya basa nu nyangaruk dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri.

Dumasar kasang tukang panalungtikan, jeung idéntifikasi masalah panalungtikan, aya sababaraha rumusan masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carpon ( téma, galur, tokoh jeung penokohan, latar, jeung amanat ) dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karangan Ahmad Bakri?
- 2) Gaya basa naon waé anu nyampak dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karangan Ahmad Bakri pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMP téh ?
- 3) Ajen kaagamaan naon waé dina ieu carita anu bisa dilarapkeun atawa dijadikeun bahan pangajaran téh ?
- 4) Kumaha larapna hasil ieu panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMP ?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan mangrupa acuan pikeun nangtukeun arah tina sagala kagiatan supaya tina éta kagiatan anu dilakukeun teh beunang hasil anu hadé. Luyu jeung rumusan masalah anu dipedar diluhur, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, nu dibagi kana tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis gaya basa katut ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri sarta ngawanohkeun karya sastra nu mangrupa carita pondok ka siswa dina pangajaran di sakola.

#### 1.3.2 Tujuan Husus :

- 1) Sacara husus ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeun struktur carita, nyaéta, téma, para tokoh, latar, (*setting*) dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karangan Ahmad Bakri.
- 2) Gaya basa anu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karangan Ahmad Bakri.
- 3) Ajén kaagamaan anu kasampak dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karangan Ahmad Bakri.
- 4) Bahan Pangajaran pikeun maca carpon di SMP

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep dina ieu panalungtikan téh di antarana mangpaat anu sipatna tioritis jeung nu sipatna praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara Tioritis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna, diantarana

- 1) Pikeun panalungtik, nambahan jeung ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan analisis struktural jeung ajén kaagamaan sarta bisa méré pangdeudeul dina ngaprésiasi jeung maham kana karya sastra hususna carita pondok.
- 2) Pikeun akademik, hasil panalungtikan gaya basa jeung ajén kaagamaan dina kumpulan carpon *Ki Merebot* karya Ahmad Bakri bisa dijadikeun pangdeudeul bahan pangajaran maca carpon di SMP kelas VII.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun :

- 1) Guru, bisa dijadikeun pangdeudeul pikeun milih jeung nangtukeun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola .
- 2) Mangpaat pikeun panalungtik, siswa, jeung umum sangkan nambahan pangaweruh dina widang sastra, utamana dina ajén moral anu satuluyna diterapkeun dina kahirupan sapopoé.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab, Bab I mangrupa bubuka, eusina ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang tina masalah anu ditalungtik, rumusan

masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta struktur organisasi dina ieu skripsi.

Dina Bab II eusina mangrupa tiori-tiori anu dipaké pikeun ngarojong ieu panalungtikan. Tiori anu dipedar nya éta ngeunaan gaya basa, ajén kaagamaan, carita pondok, struktur carpon, jeung bahan pangajaran maca carpon nu dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah anu ditalungtik. Panalungtikan saméméhna, sarta kalungguhan tiori.

Dina Bab III eusina ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nu eusina ngawengku métode panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, téhnik panalungtikan, jeung analisis data.

Dina Bab IV eusina ngeunaan déskripsi hasil panalungtikan, anu ngawengku hasil analisis strukturalna , analisis gaya basa nu nyangkaruk dina unggal carpon, ogé nganalisis ajén kaagamaan dina kumpulan carpon Ki Merebot karya Ahmad Bakri, anu satuluyna dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMP kelas VII.

Dina Bab V eusina ngadéskripsikeun kacindekan hasil panalungtikan jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.